

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
<b>VAEFESO 1</b>	<b>EPHESIANS 1</b>
1:1 Pauro, muapositori waJesu Kristu nechido chaMwari, kuvatsvene vari paEfeso, nekune vakatendeka muna Kristu Jesu:	1:1 Paul, an apostle of Christ Jesus by the will of God, To the saints in Ephesus, the faithful in Christ Jesus:
1:2 Nyasha kwamuri, nerugare runobva kuna Mwari Baba vedu, naIshe Jesu Kristu.	1:2 Grace and peace to you from God our Father and the Lord Jesus Christ.
1:3 Ngaarumbidzwe Mwari naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, wakatiropafadza neropafadzo yose yeMweya pazvinhu zvekudenga muna Kristu,	1:3 Praise be to the God and Father of our Lord Jesus Christ, who has blessed us in the heavenly realms with every spiritual blessing in Christ.
1:4 sezvaakatisarudza maari pasati pava nekuvambwa kwenyika, kuti tive vatsvene vasingamhuriki pamberi pake murudo;	1:4 For he chose us in him before the creation of the world to be holy and blameless in his sight. In love
1:5 agara atitemera mukuitwa vana naJesu Kristu kwaari, sezvaakafadzwa pakuda kwake,	1:5 he predestined us to be adopted as his sons through Jesus Christ, in accordance with his pleasure and will--
1:6 kuve kurumbidzwa kwenyasha dzake, nadzo wakatiita kuti tigamuchirwe muMudikamwa;	1:6 to the praise of his glorious grace, which he has freely given us in the One he loves.
1:7 maari matine dzikunuro kubudikidza neropa rake, iko kangamwiwo yekudarika, zvichienderana nefuma yenyasha dzake;	1:7 In him we have redemption through his blood, the forgiveness of sins, in accordance with the riches of God's grace
1:8 madziri wakawanza kwatiri mukuchenjera kose neungwaru;	1:8 that he lavished on us with all wisdom and understanding.
1:9 azivisa kwatiri chakavanzika chekuda kwake, sekushuva kwake kwakanaka kwaakazvipira maari pachake;	1:9 And he made known to us the mystery of his will according to his good pleasure, which he purposed in Christ,
1:10 kuti pakuitika kwekuzara kwenguva, aunganidze pamwe zvinhu zvose muna Kristu, zvose zviru kumatenga nezviri panyika maari.	1:10 to be put into effect when the times will have reached their fulfillment--to bring all things in heaven and on earth together under one head, even Christ.
1:11 muna iye matakawanawo nhaka, yatakagara tatemerwa nezviga zvaiye unoita zvinhu zvose nezano rechido chake;	1:11 In him we were also chosen, having been predestined according to the plan of him who works out everything in conformity with the purpose of his will,
1:12 kuti tive verumbidzo yekubwinya kwake, isu takavimba kare kuna Kristu;	1:12 in order that we, who were the first to hope in Christ, might be for the praise of his glory.
1:13 muna iye imwiwo manzwa shoko rechokwadi, evhangeri yeruponeso rwenyu; muna iyewo matenda kwaari makapiwa mucherechedzo weMweya Mutsvene wechivimbiso,	1:13 And you also were included in Christ when you heard the word of truth, the gospel of your salvation. Having believed, you were marked in him with a seal, the promised Holy Spirit,

1:14 uri rubatso rwenhaka yedu, parudzikunuro rwezvakanikwa, kurumbidzo yekubwinya kwake.	1:14 who is a deposit guaranteeing our inheritance until the redemption of those who are God's possession--to the praise of his glory.
1:15 Naizvozvo iniwo, ndakati ndanzwa zverutendo rwenyu muna Ishe Jesu, nerudo kuvatsvene vose,	1:15 For this reason, ever since I heard about your faith in the Lord Jesus and your love for all the saints,
1:16 handiregi kukuvongerai, ndichikutaurai paminyengerero yangu;	1:16 I have not stopped giving thanks for you, remembering you in my prayers.
1:17 kuti Mwari walshe wedu Jesu Kristu, Baba vekubwinya, akupei mweya wekuchenjera nekuzarurirwa paruzivo rwepamusoro pake;	1:17 I keep asking that the God of our Lord Jesus Christ, the glorious Father, may give you the Spirit of wisdom and revelation, so that you may know him better.
1:18 meso efungwa dzenyu avhenekerwa kuti muzive kuti tariro yekudana kwake chii, uye fuma yekubwinya kwenhaka yake pavatsvene chii?	1:18 I pray also that the eyes of your heart may be enlightened in order that you may know the hope to which he has called you, the riches of his glorious inheritance in the saints,
1:19 Nekuti ukuru hwakapfuvurisa hwesimba rake kwatiri isu tinotenda chii, maererano nekubata kwesimba rake guru,	1:19 and his incomparably great power for us who believe. That power is like the working of his mighty strength,
1:20 raakashandisa muna Kristu paakamumutsa kuvakafa, nokumugarisa kuruoko rwake rwerudyi panzvimbo dzekudenga,	1:20 which he exerted in Christ when he raised him from the dead and seated him at his right hand in the heavenly realms,
1:21 kumusoro-soro kweutongi hwose, nesimba, neukuru, neushe, nezita roga roga rinorehwa, kwete kwenguva ino chete, asi kune inozouyawo;	1:21 far above all rule and authority, power and dominion, and every title that can be given, not only in the present age but also in the one to come.
1:22 akaisa zvose pasi petsoka dzake, akamupa utungamiriri pamusoro pezvose kukereke,	1:22 And God placed all things under his feet and appointed him to be head over everything for the church,
1:23 ndiwo muviri wake, kuzara kwaiye unozadzisa zvose mune zvose.	1:23 which is his body, the fullness of him who fills everything in every way.
<b>VAEFESO 2</b>	<b>EPHESIANS 2</b>
2:1 Wakakumutsai, imwiwo makanga makafa mukudarika nemuzvivi,	2:1 As for you, you were dead in your transgressions and sins,
2:2 izvo zvamaifamba mazviri kare nemutowo wenyika ino, nenzira dzemutungamiriri wesimba redenga, dzemweya unobata zvino movana vekusateerera;	2:2 in which you used to live when you followed the ways of this world and of the ruler of the kingdom of the air, the spirit who is now at work in those who are disobedient.
2:3 vataifamba tose pakati pavo kare mukuchiva kwenyama yedu, tichiita kuda kwenyama nekwefungwa, nepachisikigo chedu isu taiva vana vekutsamwirwa sevamwewo.	2:3 All of us also lived among them at one time, gratifying the cravings of our sinful nature and following its desires and thoughts. Like the rest, we were by nature objects of wrath.

2:4 Asi Mwari wakafuma panyasha, nekuda kwerudo rwake rukuru rwaakatida narwo,	2:4 But because of his great love for us, God, who is rich in mercy,
2:5 kunyange takange takafa mukudarika, wakatimutsa pamwe naKristu (makaponeswa nenyasha);	2:5 made us alive with Christ even when we were dead in transgressions--it is by grace you have been saved.
2:6 akatimutsa pamwe naye, akatigarisa pamwe naye kunzvimbo dzekumatenga, muna Kristu Jesu;	2:6 And God raised us up with Christ and seated us with him in the heavenly realms in Christ Jesus,
2:7 kuti nenguva dzinovuya aratidze fuma hurusa yenyasha dzake muunyoro kwatiri muna Kristu Jesu;	2:7 in order that in the coming ages he might show the incomparable riches of his grace, expressed in his kindness to us in Christ Jesus.
2:8 Nekuti nenyasha makaponeswa nerutendo, uye izvi hazvibvi kwamuri, asi chipo chaMwari;	2:8 For it is by grace you have been saved, through faith--and this not from yourselves, it is the gift of God--
2:9 hazvibvi pamabasa, kuti kusava neunozvikudza.	2:9 not by works, so that no one can boast.
2:10 Nekuti tiri basa rake, takasikirwa mabasa akanaka muna Kristu Jesu, akagara agadzirwa naMwari kuti tifambe maari.	2:10 For we are God's workmanship, created in Christ Jesus to do good works, which God prepared in advance for us to do.
2:11 Naizvozvo rangarirai kuti imwi panguva dzakapfuura, maiva vahedheni munyama, vanonzi kusadzingiswa naivo vanonzi vekudzingiswa munyama kunoitwa nemaoko;	2:11 Therefore, remember that formerly you who are Gentiles by birth and called "uncircumcised" by those who call themselves "the circumcision" (that done in the body by the hands of men)--
2:12 kuti panguva iyo makange musina Kristu, muri vatorwa paubwo hwevaIsraeri, nevatorwa pasungano dzechivimbiso, musina tariro, uye musina Mwari panyika.	2:12 remember that at that time you were separate from Christ, excluded from citizenship in Israel and foreigners to the covenants of the promise, without hope and without God in the world.
2:13 Asi zvino muna Kristu Jesu, imwi maimbova kure, munoswededzwa neropa raKristu.	2:13 But now in Christ Jesus you who once were far away have been brought near through the blood of Christ.
2:14 Nekuti ndiye rugare rwedu, iye wakaita zviviri zvive chimwe, akaputsa mudhuri wapakati wokuparadzanisa;	2:14 For he himself is our peace, who has made the two one and has destroyed the barrier, the dividing wall of hostility,
2:15 aparadza munyama yake ruvengo, iwo mutemo wemirairo pazviga; kuti asike maari pavaviri munhu umwe mutsva, aite rugare,	2:15 by abolishing in his flesh the law with its commandments and regulations. His purpose was to create in himself one new man out of the two, thus making peace,
2:16 uye kuti ayananise vaviri kuna Mwari, mumuviri umwe nemuchinjikwa, auraya ruvengo nawo;	2:16 and in this one body to reconcile both of them to God through the cross, by which he put to death their hostility.
2:17 uye wakasvika akaparidza rugare kwamuri, imwi maiva kure, nekune avo vaiva pedo;	2:17 He came and preached peace to you who were far away and peace to those who were near.

2:18 nekuti kubudikidza naye isu tose tine mapindiro neMweya mumwe kuna Baba.	2:18 For through him we both have access to the Father by one Spirit.
2:19 Naizvozvo, zvino hamusisiri vaeni nevatorwa, asi vebwo pamwe nevatsvene neveimba yaMwari.	2:19 Consequently, you are no longer foreigners and aliens, but fellow citizens with God's people and members of God's household,
2:20 Makavakwa pamusoro penheyo dzevaapostori nevaporofta, Jesu Kristu amene ari mbiru yepakona.	2:20 built on the foundation of the apostles and prophets, with Christ Jesus himself as the chief cornerstone.
2:21 Maari imba yose yakabatanidzwa, ikure ive tembere tsvene muna Ishe.	2:21 In him the whole building is joined together and rises to become a holy temple in the Lord.
2:22 Maari nemwiwo makavakwa pamwe, kuti muve ugaro hwaMwari kubudikidza neMweya.	2:22 And in him you too are being built together to become a dwelling in which God lives by his Spirit.
<b>VAEFESO 3</b>	<b>EPHESIANS 3</b>
3:1 Nemhaka yeizvi, ini Pauro, musungwa waKristu Jesu nekuda kwenyu vahedheni,	3:1 For this reason I, Paul, the prisoner of Christ Jesus for the sake of you Gentiles--
3:2 kana makanzwa nezvekushandiswa kwenyasha dzaMwari dzakapiwa kwandiri pamusoro penyu,	3:2 Surely you have heard about the administration of God's grace that was given to me for you,
3:3 kuti sechakazarurwa wakandizivisa chakavanzika, sezvandakambokunyorera namashoko mashoma;	3:3 that is, the mystery made known to me by revelation, as I have already written briefly.
3:4 naizvozvo kana muchirava iwo, munganzwisisa ruzivo rwangu muchakavanzika chaKristu;	3:4 In reading this, then, you will be able to understand my insight into the mystery of Christ,
3:5 icho pane mamwe mazera chisina kuziviswa kuvanakomana vevanhu, sezvachakanga chozarurirwa kuvaapostori vatsvene, nevaporofta neMweya;	3:5 which was not made known to men in other generations as it has now been revealed by the Spirit to God's holy apostles and prophets.
3:6 Kuti vahedheni vave vadyi venhaka pamwe nesu uye vemuviri umwe nevagovani vechivimbiso chake muna Kristu neevhangeri,	3:6 This mystery is that through the gospel the Gentiles are heirs together with Israel, members together of one body, and sharers together in the promise in Christ Jesus.
3:7 yandakaitwa nayo mushumiri zvichienderana nechipo chenyasha dzaMwari chakapiwa kwandiri nekubata kwesimba rake.	3:7 I became a servant of this gospel by the gift of God's grace given me through the working of his power.
3:8 Kwandiri ndiri muduku kumudukusa wevatsvene vose, nyasha idzi dzakapiwa, kuti ndiparidze pakati pevahedheni fuma isinganzvereki yaKristu,	3:8 Although I am less than the least of all God's people, this grace was given me: to preach to the Gentiles the unsearchable riches of Christ,
3:9 nekuita kuti vose vaone kuti kudiyidzana kwakadiniko kwechakavanzika chakanga chakavigwa muna Mwari kubva pakuvamba kwenyika, wakasika zvinhu zvose naKristu Jesu,	3:9 and to make plain to everyone the administration of this mystery, which for ages past was kept hidden in God, who created all things.

3:10 kuti zvino paushe nepamasimba panzvimbo dzekudenga kudenga, kuchenjera kukuru kwaMwari kuziviswe nekereke;	3:10 His intent was that now, through the church, the manifold wisdom of God should be made known to the rulers and authorities in the heavenly realms,
3:11 sechiga chekusingaperi chaakatema muna Kristu Jesu Ishe wedu;	3:11 according to his eternal purpose which he accomplished in Christ Jesus our Lord.
3:12 maari matine kutsunga nekupinda tine chivimbo, nerutendo rwake.	3:12 In him and through faith in him we may approach God with freedom and confidence.
3:13 Naizvozvo ndinokumbira kuti murege kuora moyo pakukutambudzikirai kwangu; ndiko kurumbidzwa kwenyu.	3:13 I ask you, therefore, not to be discouraged because of my sufferings for you, which are your glory.
3:14 Nemhaka iyi ndinofugama nemabvi angu kuna Baba vashwe wedu Jesu Kristu,	3:14 For this reason I kneel before the Father,
3:15 avo rudzi rwose rwuri kumatenga nepanyika rwunodaidzwa nezita ravo,	3:15 from whom his whole family in heaven and on earth derives its name.
3:16 kuti vakupei zvichienderana nefuma yeushe hwavo ukuru, kuti musimbiswe nesimba neMweya wake mumunhu wemukati;	3:16 I pray that out of his glorious riches he may strengthen you with power through his Spirit in your inner being,
3:17 kuti Kristu agare pamoyo yenyu nerutendo; kuti imwi mune midzi nenheyo murudo,	3:17 so that Christ may dwell in your hearts through faith. And I pray that you, being rooted and established in love,
3:18 muve nesimba rekunzwisisa nevatsvene vose, kuti kufara, nekureba, nekukwirira, nekudzika chii,	3:18 may have power, together with all the saints, to grasp how wide and long and high and deep is the love of Christ,
3:19 nokuziva rudo rwaKristu, runopfuura ruzivo, kuti muzadzwe nekuzara kose kwaMwari.	3:19 and to know this love that surpasses knowledge--that you may be filled to the measure of all the fullness of God.
3:20 Zvino kune une simba rekuita zvikuru kwazvo zvinopfuura zvose zvatinokumbira kana kufunga maererano nesimba rinobata matiri,	3:20 Now to him who is able to do immeasurably more than all we ask or imagine, according to his power that is at work within us,
3:21 kwaari ngakuve nekubwinya mukereke naKristu Jesu kusvikira kumarudzi ose nokusingaperi-peri, Amen.	3:21 to him be glory in the church and in Christ Jesus throughout all generations, for ever and ever! Amen.
<b>VAEFESO 4</b>	<b>EPHESIANS 4</b>
4:1 Naizvozvo ini musungwa walshe ndinokukumbirisai, kuti mufambe zvakafanira kudamwa kwamakadamwa nako,	4:1 As a prisoner for the Lord, then, I urge you to live a life worthy of the calling you have received.
4:2 nekuzvininipisa kose nevunyoro, nemoyo murefu, muchiitirana moyo murefu murudo,	4:2 Be completely humble and gentle; be patient, bearing with one another in love.
4:3 muchishingaira kuchengeta umwe hweMweya muchisungo cherugare.	4:3 Make every effort to keep the unity of the Spirit through the bond of peace.

4:4 Kune muviri mumwe noMweya mumwe, sezvamakadamwawo mutariro imwe yekudamwa kwenyu;	4:4 There is one body and one Spirit-- just as you were called to one hope when you were called--
4:5 Ishe mumwe, rutendo rumwe, rubhabhatidzo rwumwe,	4:5 one Lord, one faith, one baptism;
4:6 Mwari mumwe, naBaba vavose, uri pamusoro pavose, uye kubudikidza navose, nekwamuri mose.	4:6 one God and Father of all, who is over all and through all and in all.
4:7 Asi kune umwe neumwe wedu kwakapiwa nyasha zvichienderana nechiyero chechipo chaKristu.	4:7 But to each one of us grace has been given as Christ apportioned it.
4:8 Naizvozvo unoti: Paakawira kumusoro, wakatapa utapwa, akapa zvipo kuvanhu.	4:8 This is why it says: "When he ascended on high, he led captives in his train and gave gifts to men."
4:9 Zvino kuti wakawira chii, kunze kwekuti wakaburukawo pakutanga kunzvimbo dzakaderera dzepanyika?	4:9 (What does "he ascended" mean except that he also descended to the lower, earthly regions?)
4:10 Uyo wakaburuka ndiyewo wakawira kumusoro-soro kwematenga ose, kuti azadzise zvinhu zvose.	4:10 He who descended is the very one who ascended higher than all the heavens, in order to fill the whole universe.)
4:11 Zvino wakapa vamwe kuva vaapositori, nevamwe vaporofita, nevamwe vaevhangeri, nevamwe vafudzi nevadzidzisi,	4:11 It was he who gave some to be apostles, some to be prophets, some to be evangelists, and some to be pastors and teachers,
4:12 kuitira kukwaniswa kwevatsvene pabasa reushumiri, pakuvakwa kwemuviri waKristu;	4:12 to prepare God's people for works of service, so that the body of Christ may be built up
4:13 kudzimara tose tasvika paumwe hwerutendo nehweruzivo rweMwanakomana waMwari, nepamunhu wakazara, pachiyero chechimiromo chekuzara kwaKristu;	4:13 until we all reach unity in the faith and in the knowledge of the Son of God and become mature, attaining to the whole measure of the fullness of Christ.
4:14 kuti tisazova vachechezve, vanodzungaidzwa kuenda nekudzoka nekupepereswa nemhepo ipi neipi yedzidziso nekunyengera kwevanhu, neusvatu hwemano ekutsauka;	4:14 Then we will no longer be infants, tossed back and forth by the waves, and blown here and there by every wind of teaching and by the cunning and craftiness of men in their deceitful scheming.
4:15 asi titaure chokwadi murudo, tigokura maari pazvinhu zvose, iye musoro Kristu;	4:15 Instead, speaking the truth in love, we will in all things grow up into him who is the Head, that is, Christ.
4:16 kunobva kwaari muviri wose, wakabatanidzwa pamwe zvakaroringana nekuumbanidzwa, kubudikidza nemudemhe mudemhe wefundo rimwe nerimwe, zvichienderana nemashandiro anobudirira muchiero chenhengo imwe neimwe achikurisa muviri pakuvakwa kwawo murudo.	4:16 From him the whole body, joined and held together by every supporting ligament, grows and builds itself up in love, as each part does its work.

4:17 Naizvozvo ndinoreva ichi, nekupupura muna Ishe, kuti imwi kubva zvino musachifamba sevamwe vahedheni mukushaya maturo kwefungwa yavo,	4:17 So I tell you this, and insist on it in the Lord, that you must no longer live as the Gentiles do, in the futility of their thinking.
4:18 vakasvibiridzwa mufungwa, vari vatorwa paupenyu hwaMwari nekuda kwekusaziva kuri mukati mavo, nekuda koukukutu hwemoyo yavo;	4:18 They are darkened in their understanding and separated from the life of God because of the ignorance that is in them due to the hardening of their hearts.
4:19 ivo vakazvipa vatindivara kuunzenza, kuti vabate utsvina hwose neruchiva.	4:19 Having lost all sensitivity, they have given themselves over to sensuality so as to indulge in every kind of impurity, with a continual lust for more.
4:20 Asi imwi hamuna kudzidza Kristu saizvozvo,	4:20 You, however, did not come to know Christ that way.
4:21 kana zvakadaro makamunzwa nekudzidziswa maari, sezvo chokwadi chiri muna Jesu:	4:21 Surely you heard of him and were taught in him in accordance with the truth that is in Jesus.
4:22 kuti murase zvinoenderana nemufambiro wenyu wekutanga, munhu wekare, unoodzwa nekuchiva kwekunyengera;	4:22 You were taught, with regard to your former way of life, to put off your old self, which is being corrupted by its deceitful desires;
4:23 uye muvandudzwe mumweya wefungwa yenyu,	4:23 to be made new in the attitude of your minds;
4:24 uye kuti mufuke munhu mutsva, wakasikwa akafanana naMwari pakururama, neutsvene hwechokwadi.	4:24 and to put on the new self, created to be like God in true righteousness and holiness.
4:25 Naizvozvo muchirasa nhema, mutaure chokwadi umwe neumwe neumwe wake; nekuti tiri mitezo, mumwe wemumwe.	4:25 Therefore each of you must put off falsehood and speak truthfully to his neighbor, for we are all members of one body.
4:26 Tsamwai musingatadzi; zuva ngarirege kuvira pamusoro pekutsamwa kwenyu;	4:26 "In your anger do not sin": Do not let the sun go down while you are still angry,
4:27 uye musapa dhiabhorosi nzvimbo.	4:27 and do not give the devil a foothold.
4:28 Wakaba ngaarege kubazve; asi zviri nani kuti atambudzike achibata chinhu chakanaka namaoko, kuti ave nechaangapa unoshaiwa.	4:28 He who has been stealing must steal no longer, but must work, doing something useful with his own hands, that he may have something to share with those in need.
4:29 Shoko rakaora ngarirege kubuda mumuromo menyu, asi iro rakanakira kusimbisa zvakanakira, ripe nyasha vanzwi.	4:29 Do not let any unwholesome talk come out of your mouths, but only what is helpful for building others up according to their needs, that it may benefit those who listen.
4:30 Uye regai kushungurudza Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa maari kusvikira pazuva redzukururo.	4:30 And do not grieve the Holy Spirit of God, with whom you were sealed for the day of redemption.

4:31 Shungu dzose, nehasha, nekutsamwa, nekupopota, nokutuka ngazvibviswe kwamuri neuiipi hwose;	4:31 Get rid of all bitterness, rage and anger, brawling and slander, along with every form of malice.
4:32 asi ivai nemoyo munyoro mumwe kune mumwe, muchinzwirana tsitsi, muchikangamwirana, sezvamakakangamwirwa naMwari nekuda kwaKristu.	4:32 Be kind and compassionate to one another, forgiving each other, just as in Christ God forgave you.
<b>VAEFESO 5</b>	<b>EPHESIANS 5</b>
5:1 Naizvozvo ivai vateveri vaMwari, sevana vanodikamwa;	5:1 Be imitators of God, therefore, as dearly loved children
5:2 uye fambai murudo, Kristu sezvaakatidawo, akazvipa nekuda kwedu, ave chipo nechibayiro kuna Mwari kuva hwema hwunonhuhwira.	5:2 and live a life of love, just as Christ loved us and gave himself up for us as a fragrant offering and sacrifice to God.
5:3 Asi upombwe netsvina yose kana kuchiva ngazvirege kutongorehwa pakati penyu, sezvinofanira vatsvene;	5:3 But among you there must not be even a hint of sexual immorality, or of any kind of impurity, or of greed, because these are improper for God's holy people.
5:4 neunzenza, nekutaura kweupenzi, kana kunemera, izvo zvisina kufanira; asi zviru nani kuvonga.	5:4 Nor should there be obscenity, foolish talk or coarse joking, which are out of place, but rather thanksgiving.
5:5 Nekuti izvi munozviziva kuti hakuna mhombwe, kana munhu usina kuchena, kana munhu unochiva, unova munamati wezvifananidzo, ungava nenhaka muushe hwaKristu nehwaMwari.	5:5 For of this you can be sure: No immoral, impure or greedy person--such a man is an idolater--has any inheritance in the kingdom of Christ and of God.
5:6 Ngakurege kuva nemunhu unokunyengerai nemashoko asina maturo; nekuti nemhaka yezvinhu izvi kutsamwa kwaMwari kunouya pamusoro pevanakomana vekusateerera.	5:6 Let no one deceive you with empty words, for because of such things God's wrath comes on those who are disobedient.
5:7 Naizvozvo regai kuva vagovani navo;	5:7 Therefore do not be partners with them.
5:8 Nekuti maimbova rima, asi zvino mava chiedza muna Ishe; fambai sevana vechiedza.	5:8 For you were once darkness, but now you are light in the Lord. Live as children of light
5:9 Nekuti chibereko chemweya chiri mukunaka kose nekukurama, nechokwadi,	5:9 (for the fruit of the light consists in all goodness, righteousness and truth)
5:10 muchiidza zvinofadza kuna Ishe;	5:10 and find out what pleases the Lord.
5:11 uye musadyidzana nemabasa erima asina zviribereko, asi zviru nani mumhure;	5:11 Have nothing to do with the fruitless deeds of darkness, but rather expose them.
5:12 Nekuti zvinhu zvinoitwa navo pakavanda zvinonyadzisa kunyange kutaura nezvazvo.	5:12 For it is shameful even to mention what the disobedient do in secret.
5:13 Asi zvinhu zvose zvinomhurwa zvinoratidzwa nechiedza; nekuti zvose, zvinoratidzwa chiedza,	5:13 But everything exposed by the light becomes visible,



5:14 saka unoti: Muka iwe uvete, muka kuvakafa, zvino Kristu uchakuvhenekera.	5:14 for it is light that makes everything visible. This is why it is said: "Wake up, O sleeper, rise from the dead, and Christ will shine on you."
5:15 Naizvozvo chenjerai kuti munofamba sei nekuchenjerera, kwete semapenzi asi sevakachenjera;	5:15 Be very careful, then, how you live--not as unwise but as wise,
5:16 muchidzikunura nguva, nekuti mazuva akaipa.	5:16 making the most of every opportunity, because the days are evil.
5:17 Saka musava matununu, asi vanonzwisisa kuti kuda kwaIshe kwakadini.	5:17 Therefore do not be foolish, but understand what the Lord's will is.
5:18 Uye regai kudhakwa newaini, makuri mune bongozozo guru, asi zadzwai neMweya;	5:18 Do not get drunk on wine, which leads to debauchery. Instead, be filled with the Spirit.
5:19 muchitaurirana nemapisarema nenziyo, nenziyo dzeMweya, muchiimba nekuita mutinhimira mumoyo yenyu kuna Ishe;	5:19 Speak to one another with psalms, hymns and spiritual songs. Sing and make music in your heart to the Lord,
5:20 muchipa kuvonga nguva dzose pamusoro pezvinhu zvose kuna Mwari naBaba, muzita ralshe wedu Jesu Kristu;	5:20 always giving thanks to God the Father for everything, in the name of our Lord Jesus Christ.
5:21 muchizviisa pasi umwe kune umwe mukutya Mwari.	5:21 Submit to one another out of reverence for Christ.
5:22 Vakadzi zviisei pasi pevarume venyu, sekuna Ishe.	5:22 Wives, submit to your husbands as to the Lord.
5:23 Nekuti murume musoro wemukadzi, saKristuwo ari musoro wekereke; uye ndiye Muponesi wemuviri.	5:23 For the husband is the head of the wife as Christ is the head of the church, his body, of which he is the Savior.
5:24 Asi kunyange kereke sezvairi pasi paKristu, saizvozvowo vakadzi kuvarume vavo pachinhu chose.	5:24 Now as the church submits to Christ, so also wives should submit to their husbands in everything.
5:25 Varume, idai vakadzi venyu, Kristu sezvaakadawo kereke, akazvipa nekuda kwayo;	5:25 Husbands, love your wives, just as Christ loved the church and gave himself up for her
5:26 kuti aiite tsvene ainatse nekushambidza kwemvura neshoko,	5:26 to make her holy, cleansing her by the washing with water through the word,
5:27 kuti aikumikidze kwaari iri kereke inobwinya isina gwapa kana kuwonyana, kana chimwe chinhu chakadai; asi kuti ive tsvene isina chaingapomerwa.	5:27 and to present her to himself as a radiant church, without stain or wrinkle or any other blemish, but holy and blameless.
5:28 Saizvozvowo varume vanofanira kuda vakadzi vavo semiviri yavo. Unoda mukadzi wake, unozvida iye;	5:28 In this same way, husbands ought to love their wives as their own bodies. He who loves his wife loves himself.
5:29 Nekuti hakuna munhu wakatongovenga nyama yake, asi unoifunda nekuichengetedza, saizvozvo Ishe kukereke;	5:29 After all, no one ever hated his own body, but he feeds and cares for it, just as Christ does the church--
5:30 Nekuti isu tiri mitezo yemuviri wake, yenyama yake neyamafupa ake.	5:30 for we are members of his body.

5:31 Nekuda kwaizvozvi munhu uchasiya baba namai vake, abatanidzwe kumukadzi wake; uye ava vaviri vachava nyama imwe.	5:31 "For this reason a man will leave his father and mother and be united to his wife, and the two will become one flesh."
5:32 Chakavanzika ichi chikuru, asi ndinotaura zvaKristu nekereke.	5:32 This is a profound mystery--but I am talking about Christ and the church.
5:33 Asi imwiwo umwe neumwe pachake ngaade mukadzi wake sezvaanozvada iye; nemukadzi ngaatye murume.	5:33 However, each one of you also must love his wife as he loves himself, and the wife must respect her husband.
<b>VAEFESO 6</b>	<b>EPHESIANS 6</b>
6:1 Vana, teerera vabereki venyu muna Ishe; nekuti izvi zvakarurama.	6:1 Children, obey your parents in the Lord, for this is right.
6:2 Kudza baba vako namai, unova murairo wekutanga une chivimbiso,	6:2 "Honor your father and mother"--which is the first commandment with a promise--
6:3 kuti zvikunakire, uye urame nguva refu panyika.	6:3 "that it may go well with you and that you may enjoy long life on the earth."
6:4 nemwi madzibaba, musatsamwisa vana venyu; asi varerei pakuranga nekutsiura kwaIshe.	6:4 Fathers, do not exasperate your children; instead, bring them up in the training and instruction of the Lord.
6:5 Varanda, teerera avo vari vatenzi panyama, nekutya nekudedera, nemoyo wakarurama sekuna Kristu;	6:5 Slaves, obey your earthly masters with respect and fear, and with sincerity of heart, just as you would obey Christ.
6:6 kwete nekushandira maziso, sevafadzi vevanhu, asi sevaranda vaKristu, vanoita kuda kwaMwari kubva pamoyo;	6:6 Obey them not only to win their favor when their eye is on you, but like slaves of Christ, doing the will of God from your heart.
6:7 muchibata nechido chakanaka sekuna Ishe uye kwete kuvanhu;	6:7 Serve wholeheartedly, as if you were serving the Lord, not men,
6:8 muchiziva kuti chinhu chipi nechipi chakanaka chinotwa nemunhu umwe neumwe, uchachipiwa zvakadaro naIshe, kana wakasungwa kana wakasununguka.	6:8 because you know that the Lord will reward everyone for whatever good he does, whether he is slave or free.
6:9 nemwi madzishe, itai zvinhu zvimwezvo kwavari, muchirega kuvhundudzira muchiziva kuti Ishe wenyuwo uri kumatenga; uye kwaari hakurangarirwi zvinoonekwa zvevanhu.	6:9 And masters, treat your slaves in the same way. Do not threaten them, since you know that he who is both their Master and yours is in heaven, and there is no favoritism with him.
6:10 Pakupedzisira hama dzangu, simbai muna Ishe, nemusimba reukuru hwake.	6:10 Finally, be strong in the Lord and in his mighty power.
6:11 Shongai zvombo zvose zvaMwari, kuti mugone kumirisana nemano adhiabhorosi.	6:11 Put on the full armor of God so that you can take your stand against the devil's schemes.
6:12 Nekuti hatirwisani nyama neropa, asi neutongi, nemasimba, nemadzishe erima enyika ino, nemweya yetsvina yematenga.	6:12 For our struggle is not against flesh and blood, but against the rulers, against the authorities, against the powers of this dark world and against the spiritual forces of evil in the heavenly realms.

6:13 Saka torai zvombo zvose zvaMwari kuti mugone kuramba mumire pazuva rakaipa, maita zvose, mumire.	6:13 Therefore put on the full armor of God, so that when the day of evil comes, you may be able to stand your ground, and after you have done everything, to stand.
6:14 Naizvozvo mirai zvivuno zvenyu zvakasungwa nechokwadi, makapfeka chidzitiro chechifuva chekururama,	6:14 Stand firm then, with the belt of truth buckled around your waist, with the breastplate of righteousness in place,
6:15 uye tsoka dzenyu dzakasungwa nekugadzirira kweevhangeri yerugare;	6:15 and with your feet fitted with the readiness that comes from the gospel of peace.
6:16 pamusoro pezvose matora nhovo yerutendo, yamungagona kudzima nayo miseve yose inopfuta yewakaipa.	6:16 In addition to all this, take up the shield of faith, with which you can extinguish all the flaming arrows of the evil one.
6:17 Torai ngowani yeruponeso, nemunondo weMweya, unova Shoko raMwari;	6:17 Take the helmet of salvation and the sword of the Spirit, which is the word of God.
6:18 munyengetere nguva dzose nemunyengetero wose nemukumbiro muMweya, muchirinda pazvinhu izvi nokutsungirira kose nekukumbirira vatsvene vose.	6:18 And pray in the Spirit on all occasions with all kinds of prayers and requests. With this in mind, be alert and always keep on praying for all the saints.
6:19 uye kana ndiri ini, kuti shoko ripiwe kwandiri pakushamisa muromo wangu neushingi ndidudzire zvakananzika zveevhangeri,	6:19 Pray also for me, that whenever I open my mouth, words may be given me so that I will fearlessly make known the mystery of the gospel,
6:20 yandiri nhume yayo mumaketani; kuti mairi nditaure ndisingatyi, sezvandinofanira kutaure.	6:20 for which I am an ambassador in chains. Pray that I may declare it fearlessly, as I should.
6:21 Asi kuti imwi muzivewo zvakanangana neni, kuti ndinoitei, Tikiko hama inodikamwa, nemushumiri wakatendeka muna Ishe, uchakuzivisai zvinhu zvose;	6:21 Tychicus, the dear brother and faithful servant in the Lord, will tell you everything, so that you also may know how I am and what I am doing.
6:22 wandakamutuma kwamuri neshoko irori, kuti muzive zvakanangana nesu, uye anyaradze moyo yenyu.	6:22 I am sending him to you for this very purpose, that you may know how we are, and that he may encourage you.
6:23 Rugare kuhamu, nerudo pamwe nerutendo zvinobva kuna Mwari Baba naIshe Jesu Kristu.	6:23 Peace to the brothers, and love with faith from God the Father and the Lord Jesus Christ.
6:24 Nyasha ngadzive nevose vanoda Ishe wedu Jesu Kristu nekusingaperi. Amen.	6:24 Grace to all who love our Lord Jesus Christ with an undying love.